# NOTE AU PUBLIC

*Tënk bu jëm ci waa pénc mi*


## TEGTAL YU AM SOLO NGIR NGÓORNAMAŊ BUY AMAL MEÑÑEEF YU WÉR



RÉPUBLIQUE DU SÉNÉGAL
PRIMATURE

BIC-GOUV

BUREAU D'INFORMATION ET DE COMMUNICATION DU GOUVERNEMENT




Doxalaat koom mi, sellal finaas piblig yi, saytu bor bi, boole ko ak fay bor bi ñu ame ci biir réew mi, dundalaat sektëer yi ëpp solo… Yii ñoo'y tegtal yi ëpp solo yi Njiitu Réew mi Basiiru Jomaay FAY, jox, àjjuma 5i fani suwe 2026, Ngóornamaŋu Njiitu Jëwriñ yi Ahmadu Al Amiinu Muhammet LÓO. Ngir bay waar wu am solo wii boole ko ak baral jéego yi jëm ci jëmmal "Agenda national de Transformation" bi, Njiitu Ngóornamaŋ bi aajar na doxaliin wu bees wi mu namm a lëkkalee yënguy Ngóornamaŋ bi war a sampu ci ñetti (3) keno yu am solo : yeesal, xereñte ci liggéey bi ak meññeef yu wér.

# TEGTALI NJIITU RÉEW MI YI GËN A AM SOLO

## Jaayante, mànkoo, yëgoo ci liggéey bi boole ko ak xereñte

Ci kilifteefu Njiitu Réew mi, Basiiru Jomaay Jaxaar FAY, Ngóornamaŋ bi Njiitu Jewriñ yi Ahmadu Al Amiinu Muhammet LÓO jiite, te ñu taxawal ko 1 panu suwe 2026, amal na Ndiisoog Jëwriñam gi njëkk àjjuma 5i fani suwe 2026.

Ginnaaw ba mu rafetloo liggéey bu am solo bi Njiitu Jëwriñ ya woon ak Ngóornamaŋam, Njiitu Réew mi ndokkale na Njiitu Jëwriñ yi Ahmadu Al Amiinu Muhammet LÓO ak ñi bokk ci Ngóornamaŋ bu bees bi. Xamle na ne yeesalug Ngóornamaŋ bii mu ngi am ci jamono ju xaw a yëngu ci wàllu politig, koom, dundiin ak ci wàllu kaaraange. Muy tolluwaayu bob, jàpp na ne, dafa laaj jaayante gu wér, jàppalante bu baax, yëgoo ci liggéey bi ak xereñte gu wóor ci jëmmalug “Agenda national de Transformation” bi.

## Koom mu am doole, di jóge ak a des ci réew mi, ubbiku ci àddina si…

Ngóornamaŋ bi, di campeef gu déggoo te mànkoo te li ko war a màndargaal di ag nangu, mooy respoosaabal ci kaanamu Njiitu Réew mi ak ci kanamu Ngomblaan gi. Lii la Njiitu Réew mi fàttali. Xamle na ne ekibu Njiitu Jëwriñ yi Ahmadu Al Amiinu Muhammet LÓO mu ngi door liggéeyam ci jamono ju àddina sépp di bàyyi xel Senegaal ngir :

- Feddali kaaraangeem ak moom boppam,
- Tabax koom mu am doole, di jóge tey des ci réew mi, ubbiku ci àddina si,
- Feddali politig yi jëm ci gën a dooleel xëy mi,
- Dooraat eewestimaa yuy am i njeexital,
- Gën a suqali wàllu eefraastiriktiir yi ak gën a yokk jibay askan wi.

## Palaŋ bu jamp bu Ngóornamaŋ bi war a teg ca na mu gën a gaawe

Njiitu Réew mi fésal na wareefu am **Ngóornamaŋu liggéeykat, buy jëf, di sottal boole ko ak amal njureef yu gaaw.** Ci loolu, sàkku na ci Njiitu Jëwriñ yi mu gaaral ko, ca na mu gën a gaawe, benn **Plaŋ bu Ngóornamaŋ bi di sukkandiku ci wàllu jëf**. Palaŋ bu jamp boobu mu ngi war a séddalikoo ci :

- **Doxalaatug koom mi,**
- **Sellalug finaas piblig yi,**
- **Caytug bor bi, boole ko ak fay bor bi ñu ame ci biir réew mi,**
- **Dundalaat sektëer yi ëpp solo ci dund gi.**

Njiitu  Réew mi xamle na ne yitte yi gën a jamp yi ñu war a gën a bàyyi xel bokk na ci :

- **Wàllu jëflante yi,**
- **Suqali sektëer piriweb réew mi,**
- **Koom mu eeformel bi,**
- **PME/PMI,**
- **Caytu gu mucc ayib ci kàmpaañu mbay mi,**
- **Gën a suqali jibay njaboot yi,**
- **Porogaraamu xeex ndóol,**
- **Yënguy Nguur gi ci wàllu ndimbal,**
- **Diisoo ci wàllu liggéey bi.**

Gën a baral jéego yi jëm ci méngale administaraasiyoo bi ak jamono ak caytu gu mucc ayib ak xereñteg wànqaasi piblig yi ak paraapiblig yi, war nañoo bokk itam ci yittey Njiitu Jëwriñ yi. Noonii la war a demee itam ci waajalug arminaat bi ci wàllu “agendas législatif”], wayndarey njël yi war a ñëw (LFR 2026 ak DPBEP 2027-2029) ak jataayub leeral ni ñuy jëfandikoo njël li muy “Débat d’orientation budgétaire”.

## Fésalug liggéey bi ñuy amal sukkandiku ko ci njureef yu wér…

Wàllu fésal liggéey bi bokk na itam ci yitte yi gën a soxal ekibu Ngóornamaŋ bu bees bi. Ngir taxaw bu baax ci feeñal yëngu yi ñuy amal, Njiitu Réew mi jox na ndigal ñi bokk ci Ngóornamaŋ bi, ci kilifteefu Njiitu Jëwriñ yi, ñu teg pexe mu wér mu jëm ci fésal ci pénc mi, ci anam wu ànd ak yëgoo, xereñ te sukkandiku ko ci njureef yu leer.

Doxaliin wu bees woowu dees na ko jëmmal ci ay coppite yu am solo. Muy lu mel ni Ndiisoog Jëwriñ gi ñuy amal leegi fukki fan ak juróom (15) yu nekk. Dees na amal ci diggante boobu, ay ndiisoo ak i ndaje diggante njëwriñ yi, ci ay tomb yu wér yu séddalikoo ci wàllu tënk, topp ak xayma, ci kilifteefu Njiitu Jëwriñ yi.

## Diisoo

Wéyalug diisoo yi ci réew mi bokk na ci tegtal yi ñu jox Ngóornamaŋ bu bees bi. Ginnaaw ba mu jaajë-falee teg ci ndokkale mbooleem kilifa yi mu jot a dalal diggante 21 jàpp 31i fani mee 2026 te jëmoon ci wàllu diisoo yi, Njiitu Réew mi xamle na ne dina wéyal ndaje yooyu ak mbooleem ñi séq réew mi. Muy doxaliin wu jëm ci gën dëgëral keno yi téyee réew mi ci wàllu dundiin ak koom mi ngir sottal sémbu Senegaal gu moom boppam, tegu ci yoon te naat.

# TAXAWLU CI...

## Doxaliin wu bees wi ak anam yi ñuy lëkkalee yënguy Ngóornamaŋ bi



Njiitu Jëwriñ yi Ahmadu Al Amiinu Muhammet LÓO xam na xéll li askan wi di séntu ci ay **njureef yu wér**. Xamle na yitte yi gën a ñor askanu Senegaal te séddalikoo ci diggante xëy yu ñoŋ, suqalikug koom mi, jot ci serwiis yi ñu manul a ñàkk ci wàllu dund, administaraasiyoo bu gën a xereñ ak gën a suqali anam yi ñuy dundee. Ngir jàmmaarloo ak jafe-jafe yii, Njiitu Ngóornamaŋ bi fésal na **doxaliin wu bees ak anam yi mu fas yéene lëkkalee yënguy Ngóornamaŋ** bi, sukkandiku ko ci ñetti (3) keno yu am solo :

- **Yeesal,**
- **Xereñte ci liggéey bi,**
- **Meññeef.**

### Yoon wu bees ci doxaliinu liggéey bi

Njiitu Jëwriñ yi xamle na ne dees na teg yoon wu bees ci anam yi ñuy doxalee liggéey bi, ànd ko ak **Pirimatiir gi fas yéene doxal lëkkaloo gu am solo diggante njëwriñ yi bis bu set.** Ci loolu, dees na gën a jox yitte caytu gu méngoo ci diggante campeef yi. Soppi doxaliin woowu ci anam yi ñuy saytoo yënguy Ngóornamaŋ bi day laaj ñu jóge ci :

- Gis-gisu porosediir jëm ci gis-gisu saafara jafe-jafe yi,
- Gis-gisu ay yëngu jëm ci gis-gisu amal ay njureef,
- Gis-gisu pàcc-pàccee jëm ci gis-gisu doxaliin,
- Gis-gisu beru jëm ci gis-gisu lëkkaloo.

Ci wàllu xereñte ci liggéey bi :

- **Wépp naal wu ñu sumb rekk war naa bokk ci yitte yi gën far ci réew mi,**
- **Gépp yeesal gu ñu amal war naa am i njeexital yu ñépp di man a teg i gët,**
- **Jépp alal ju ñu génne rekk war naa am meññeef yu wér yuy jeexital ci dundiinu askan wi.**

Njiitu Jëwriñ yi xamle na ne lépp lu Ngóornamaŋ bi di def rekk, dees na na taxaw temm ba jiital ci yitte yi gën a soxal askan wi. Alal ji ñuy war a génne it dees na fexe ba fa ñu koy dugal méngoo ak yéene ji ñu am ci soppi réew mi. Fàttali na itam jampug bind sàrt bu jëm ci wàllu **jikko yi liggéeykati adminis-taraasiyoo piblig war a làmboo.**

Njiitu Jëwriñ yi taxawlu na bu baax itam ci :

- **Fexe ba mbooleem politig piblig yi méngoo ak “Agenda Sénégal 2050” bi,**
- **Gën a yokk man-mani doxal ak lootaabeg njëwriñ yi,**
- **Xereñteg ndoxal gi,**
- **Pas-pasu saytu lépp lu aju ci wàllu risk,**
- **Wàllu “cybersécurité”.**


## Baral jéego yi jëm ci jëmmalug naal yi gën a far ci “Agenda Sénégal 2050” bi

Njiitu Jëwriñ yi fàttali na ne fàww ñu jiital ci yitte yi, càmbarug wayndare yi gën a jamp ci “Agenda Sénégal 2050” bi. Ci loolu, taxawlu na bu baax ci :

- Fexe ba  entraa yi ñeel kàmpaañu mbay mi gaaw jàppandi,
- Fexe ba dund bi doy ci jamonoy nawet bi,
- Amalug eksame yi ak konkuur yi,
- Fagaru ci wal yi.


Njiitu Ngóornamaŋ bi boole na itam ci ay yitteem, xayma tolluwaayu jëmmalug Sémbu Jubbanti Koom mi ak Dundiin wi (PRES) ak jëmmalug dogal yi jëm ci wàllu joyyanti, niki noonu Palaŋu Jomaay ngir Kaasamaas ak Palaŋu Jomaay ngir Senegaal Oriyàntaal.


Fàttali na itam taxawaay bi ñu war a am ci wàllu “agendas législatif” bi niki noonu toppug tegtal yi bawoo ci Ndiisoog Jëwriñ yi ak ci Ndiisoo diggante njëwriñ yi.










## AHMADU AL AMIINU MUHAMMET LÓO, NJIITU JËWRIÑ YI

Njiitu Réew mi, Basiiru Jomaay Jaxaar FAY, jaare ko ci dekkere l°2026-1130 bu 1 panu suwe 2026 ak ci ngaaralul Njiitu Jëwriñ yi, Ahmadu Al Amiinu Muhammet LÓO, tabb na Ngóornamaŋ bu bees bi séddalikoo ci fanweeri (30) Jëwriñ :

REPUBLIQUE DU SENEGAL

Un Peuple – Un But- Une Foi

# COMPOSITION DU GOUVERNEMENT

RÉPUBLIQUE DU SÉNÉGAL
PRIMATURE
BIC-GOUV
BUREAU D'INFORMATION ET DE COMMUNICATION DU GOUVERNEMENT



**M. Ahmadou Alhaminou Mohamed LO**
Premier ministre



**M. Papa Assane TOURE**
Ministre Secrétaire général du Gouvernement



**M. Yankoba DIEME**
Ministre des Forces Armées



**M. Cheikh DIBA**
Ministre de l'Economie, des Finances et du Plan



**M. Mouhamadou Makhtar CISSE**
Ministre de l'Intérieur et de la Sécurité publique



**M. Cheikh NIANG**
Ministre de l'Intégration Africaine, des Affaires étrangères et des Sénégalais de l'Extérieur



**M. Moussa SARR**
Ministre de la Justice, Garde des Sceaux



**Mme Marie Angélique Mame Selbé DIOUF**
Ministre de la Famille, de l'Action sociale et des Solidarités



**M. Boubacar CAMARA**
Ministre de l'Enseignement supérieur, de la Recherche et de l'Innovation



**M. El Hadji Abdourahmane DIOUF**
Ministre de l'Energie et du Pétrole



**M. Serigne Guèye DIOP**
Ministre de l'Industrie et du Commerce



**M. Cheikh Tidiane DIEYE**
Ministre de l'Hydraulique et de l'Assainissement



**M. Moustapha Mamba GUIRASSY**
Ministre de l'Éducation Nationale




**M. Ibrahima SY**
Ministre de la Santé et de l'Hygiène Publique



**M. Moussa Bala FOFANA**
Ministre de l'Urbanisme, des Collectivités Territoriales et de l'Aménagement des Territoires



**M. Déthié FALL**
Ministre des Infrastructures



**M. Bacary SARR**
Ministre de la Communication et des Relations avec les Institutions, Porte-Parole du Gouvernement



**M. Alioune DIONE**
Ministre de la Microfinance et de l'Economie Sociale et Solidaire



**M. Cheikhou Oumar BA**
Ministre de l'Agriculture, de la Souveraineté Alimentaire et de l'Elevage



**M. Samba DIOUF**
Ministre des Télécommunications et du Numérique



**M. Mamadou Lamine DIANTE**
Ministre de la Fonction Publique, du Travail et de la Réforme du Service Public



**Mme Djirèye Clotilde COLY**
Ministre de la Jeunesse et des Sports



**M. Alpha THIAM**
Ministre de la Culture, de l'Artisanat et du Tourisme



**M. Idrissa SAMB**
Ministre de l'Emploi et de la Formation Professionnelle et Technique



**M. Cheikhou Oumar SECK**
Ministre des Mines et de la Géologie



**M. Aliou Gori DIOUF**
Ministre de l'Environnement et de la Transition Ecologique



**M. Abdoul Ahad NDIAYE**
Ministre des Transports terrestres et aériens



**Mme Amy MARA**
Ministre des Pêches et de l'Economie maritime




**M. Bassirou SARR**
Ministre auprès du Ministre de l'Economie, des Finances et du Plan, chargé du Budget



**M. Allé Nar DIOP**
Ministre auprès du Ministre de l'Economie, des Finances et du Plan, chargé de l'Economie, du Plan et de la Coopération



**M. Ousmane DIAGNE**
Ministre auprès du Ministre de l'Agriculture, de la Souveraineté alimentaire et de l'Elevage, chargé de l'Elevage



**Mme Mame Coumba DIOP**
Ministre auprès du Ministre de la Culture, de l'Artisanat et du Tourisme, chargé de la Culture, des Industries créatives et du Patrimoine historique.



RÉPUBLIQUE DU SÉNÉGAL
PRIMATURE

**BIC-GOUV**

BUREAU D'INFORMATION ET DE COMMUNICATION DU GOUVERNEMENT

**CONTACT PRESSE :**
contact@bic.gouv.sn